



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON AGRANDISMAN
EGOU POU REZISTANS AK SIKLÒN KI KOUTE 408.8 MILYON DOLA A NAN
KONTE SUFFOLK**

*Inisyativ la ap konekte plizyè milye kay ak sistèm egou yo pou diminye chajman
nitwojèn epi amelyore kalite dlo a*

*Efò rejyonal enpòtan an ap amelyore rezistans kont tanpèt tou pou konbat
chanjman klimatik la lè li rekonstui baryè kotyè natirèl yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon Inisyativ pou Rezistans Kotyè ki koute 408.8 milyon dola a nan Konte Suffolk, ki enkli transpò dlo ize ak modènizasyon sou tout koneksyon sistèm egou yo pou plis pase 4,000 kay nan Vil Babylon, ak koneksyon pou yon lòt 1,700 kay nan Mastic-Shirley ki fiske pou fini nan fen ane sa. Pwojè inovan sa mobilize resous federal ak eta yo ak finansman lokal la pou prevni kontaminasyon nitwojèn ak lòtkontaminasyon ki soti nan polisyon dlo kotyè Long Island yo. Lòt benefis anviwònmantral pwojè enpòtan sa enkli amelyorasyon kalite dlo, restorasyon ekosistèm yo, ak ranfòsman baryè kotyè yo pou pwoteje kominote yo kont inondasyon alavni ak gwo tanpèt ki alimante pa chanjman klimatik la.

"Pandan nou rekonèt anivèsè Gwo Tanpèt Sandy a, n ap reflechi sou fason ke siklòn yo ekspozè bezwen New York pou rezistan fas ak Manman Lanati," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Rezistans Kotyè a se yon seri pwojè konplè ki prale lwen pou amelyore rezistans plizyè milye kay nan Konte Suffolk ki depann de fòs septik yo. Ak konstriksyon ki ankou kounye a, New York ap kontinye konstui objektif nou pou konbat enpak chanjman klimatik la epi asire ke kominote yo gen enfrastrikti ki modèn yo bezwen pou reziste kont move tan."

Plizyè milye kay nan basen vèsan Carlls River ak Forge River yo pa gen egou epi yo jere dlo ize yo atravè sistèm sou plas tankou fòs septik ak rezèvwa yo. Fòs septik ak rezèvwa ansyen yo gen pàn kapasite epi rezidan yo souvan bezwen limite travay menaj tankou lave veso ak lesiv. Sistèm dlo ize yo lakoz domaj ekolojik tou nan vwa navigab yo akoz egou ki pa trete yo ka inonde basen vèsan yo ak nitwojèn ak lòt polyan, epi lakoz degradasyon ekosistèm kolye a. Yon [rapò 2014 DEC a te soti](#) te detaye efè negatif polisyon nitwojèn sou defans kotyè natirèl yo sou rejyon an epi sèvi kòm yon katalizè pou fè finansman avanse pou pwojè sa.

Anons lan vini tou nan nevyèm anivèsè Gwo Tanpèt Sandy, ki te inonde apeprè mwaye zòn sistèm dlo ize ki egziste yo ak dlo inondasyon. Pou amelyore rezistans kotyè a fas ak ogmantasyon nivo lanmè a ak tanpèt ki pi entans ki alimante pa chanjman klimatik la, diminyon nitrijèn ak polisyon ki soti nan basen vèsan yo ap ede rekonstui zòn imid kotyè natirèl ki sèvi kòm baryè pou vag tanpèt ak inondasyon sout tout rivaj Sid la.

Yo te prevwa fini pwojè Carlls River a an 2024, kote Forge River ap vini apre an 2026.

Atravè Divizyon Sekirite Enteryè ak Jesyon Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Management, DHSES) ak Pwogram Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR), pwojè sa yo mobilize 243.5 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon pou Diminasyon Risk la (Hazard Mitigation Grant Program, HMGP) ki soti nan Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak 66.4 milyon dola finansman Sibvansyon pou Blòk Devlopman Kominotè - Rekiperasyon apre Katastwòf (Community Development Block Grant - Disaster Recovery, CDBG-DR) ki soti nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (Housing and Urban Development, HUD).

Anplis kòmansman konstriksyon nan Babylon ak Brookhaven, DEC ap bay vilaj Patchogue 21 milyon dola pou konekte yon lòt 248 kay ak sistèm egou yo pou diminye sikilasyon nitwojèn ki danjere ak lòt kontaminan ki soti nan pi ak fòs septik yo an sous dlo vital tankou akifè, bè kotyè, lak, ak vwa navigab Long Island yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Lè nou amelyore rezistans kotyè a fas ak chanjman klimatik la, sa mande pou nou met men ansanm, epi mwen fyè pou travay ak Gouvènè Hochul, Konte Suffolk, ak patnè nou yo nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Jesyon Ijans lan ak Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon apre Tanpèt pou fè pwojè konsa yo tankou yon reyalyte. Ekspè kalite kot ak dlo DEC yo kontinye ap travay dirèkteman ak kominote atravè Long Island yo pou finanse epi fè pwojè enpòtan sa yo avanse ki pwoteje dlo nou yo epi diminye polisyon nitwojèn, epi inogirasyon jodi a se yon etap enpòtan nan efò sa yo. 21 milyon dola siplemantè nan envestisman DEC a k ap ede vilaj Patchogue konekte yon estimasyon 248 kay ak egou yo, se sèlman yon lòt egzant de angajman Gouvènè Hochul pou ede kominote atravè Long Island yo pwoteje dlo nou yo pou jenerasyon Nouyòkè k ap vini yo."

Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Terence J. O'Leary, te deklare, "Pliske move tan kontinye ap afekte lavi Nouyòkè yo, pwojè tankou sa ap bay yon benefis ekstraòdine pou re-etabli baryè kotyè natirèl yo k ap finalman diminye risk vag inondasyon ak dlo inondasyon yo pou yo pa domaje pwopriyete pèsone ak enfrastrikti ki enpòtan yo. Mwen fyè de ekip devwe Rekiperasyon apre Katastwòf Divizyon an ak kolaborasyon ak Konte Suffolk ak lòt ajans eta yo pou fè pwojè sa vin yon reyalyte"

Direktè Egzekitif Adjwen Pwogram Rekonstriksyon ak Enfrastrikti Kominotè NY Rising lan nan Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon apre Katastwòf la, Eileen

Méus, te deklare, "Anplis benefis ekolojik ak kalite lavi, diminisyon nitwojèn nan vwa navigab Konte Suffolk yo ap rekonstui marekaj yo pi byen, k ap bay yon baryè kotyè natirèl kont vag tanpèt ak inondasyon. Nou kontan anpil pou rejwenn Gouvènè Hochul ak Kad Egzekitif Konte Bellone nan selebrasyon etap enpòtan sa."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Mank enfrastrikti pou dlo ize nan Konte Suffolk mennen nan gwo polisyon nitwojèn nan vwa navigab nou yo, degrade defans kotyè nou yo, menase sante piblik la, epi toufe kwasans ekonomik dirab la. Mwen fyè pou te goumen soti nan tèt rive nan pye pou bay yon investisman federal masif 300 milyon dola pou pwojè rezistans vital sa, epi paske mwen te ankouraje FEMA ak OMB nan kòmansman ane sa pou apwouve vit liberasyon finansman pou kontra sa yo. Kad Egzekitif Bellone ap atribye yon lòt 46 milyon dola sipleman tè sajan nan finansman Plan Sovtaj Ameriken an ke mwen te sekirize pou Konte Suffolk pou konble eka finansman an epi fè inisyativ sa kontinye avanse. Pwojè sa ap kreye plizyè milye djòb konstriksyon ki byen peye, netwaye anviwònman nou an, ranfòse efò rezistans yo, epi prevwa ekspansyon egou ki pi gwo Konte Suffolk la pou kat deseni, k ap amelyore Konte Suffolk ak kalite lavi rezidan li yo pou deseni k ap vini yo."

Reprezantan Lee Zeldin te deklare, "COVID-19 la te afekte anpil aspè nan jan nou viv, epi li te absoliman enpòtan ke nou konsève pwojè enfrastrikti lokal ki te sibi reta enprevi akòz pandemi an. Pwojè egou Forge River ak Carlls River yo enpòtan pou kalite lavi nan Konte Suffolk, epi mwen onore pou travay atravè ale sa ak lidè Lachanm ak Sena yo, ansanm ak Mezon Blanch nan desanm nan pou sekirize yon pwolonjman dat limit finansman an, konsève pwojè sa yo epi asire ke yo rive nan liy arive a. Ke anons sa vini nan nevyèm anivèsè Gwo Tanpèt Sandy ak tout devastasyon li te lakoz sèvi kòm yon lòt rapèl nan ki pwen pwojè sa yo enpòtan pou sekirite kominote yo."

Reprezantan Andrew Garbarino te deklare, "Konte Suffolk te bezwen elajisman egou sa depi lontan. Egou yo se cheviy kote revitalizasyon kominote nou an repoze. Gen plis pou fèt epi mwen fyè pou wè investisman nan Konte Suffolk la asire ke li jwenn trètman dlo ize ak modènizasyon sistèm egou li bezwen an."

Egzekitif Konte, Steve Bellone, te deklare, "Nan nevyèm anivèsè Gwo Siklòn Sandy a, n ap franchi yon gwo etap nan efò nou pou fè Long Island pi rezistan a chanjman klimatik la. Gras ak sipò fèm nou te resevwa nan men Senatè Chuck Schumer ak patnè nou yo nan gouvènman Eta New York, nou te atenn yon etap enpòtan pandan n ap mete pwojè istorik sa yo nan nivo konstriksyon. Sa pa sifi pou nou rele yo pwojè ganyan-ganyan pou dekri anplè benefis pwojè sa yo ap pote pou rejyon an. Lè nou enjekte 400 milyon dola nan ekonomi rejyonal la, sa ap ede estimile rekiperasyon ekonomik nan pandemi COVID la. Pa sèlman sa, men pwojè sa ap elimine apeprè 6,000 nan rezèvwa ak sistèm septik ke syantifik yo di ke n ap touye bè ak pò nou yo. Sa se yon gwo viktwa pou ekonomi ak anviwònman nou an."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)